

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku: lokasi jeung jejer panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### **3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan**


Lokasi panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 1 Lembang, Jl. Raya Lembang No. 357 – Bandung Barat. Jejer panalungtikan nya éta campur kode dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang.

Sumber data mangrupa subjék anu bisa dipaké pikeun meunangkeun data. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta surat pribadi siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang anu jumlahna aya 30 siswa, ngawengku 6 urang lalaki jeung 24 urang awéwé, sarta siswa kelas VIII D SMPN 1 Lembang anu jumlahna aya 27 siswa, ngawengku 11 urang lalaki jeung 16 urang awéwé. Lian ti éta, jawaban angkét siswa kelas VIII A jeung VIII D anu patali jeung faktor anu ngabalukarkeun kana lumangsungna campur kode ogé jadi sumber data dina ieu panalungtikan.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah: 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) milih pamarekan, 6) nangtukeun sumber data, 7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 8) ngumpulkeun data, 9) analisis data, 10) nyieun kacindekan, jeung 11) nyusun laporan (Arikunto, 2010:61).

Desain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

### Desain Panalungtikan

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Ieu méthode digunakeun pikeun ngagambarkeun karakteristik data jeung kaayaan anu sabenerna sacara faktual, sistematis, tur akurat (Suyatna, 2002:14).

Méthode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat campur kode utamana wanda, faktor, jeung wangun kecap dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang.

Méthode déskriptif bisa ngagambarkeun karakteristik data campur kode dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang. Dina ieu méthode, panalungtik ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekkan tina ieu panalungtikan.

### 3.4 Wangenan Operasional

Judul tina ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap kalayan tujuan pikeun nyingkahan ayana salah tafsir ti pamaca.

#### 1) Campur Kode

Campur kode dina ieu panalungtikan nya éta campur kode tina basa Indonesia atawa basa séjénna kana basa Sunda anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang ditilik tina wanda jeung wujud kecapna .

#### 2) Surat Pribadi

Surat pribadi dina ieu panalungtikan nya éta téks tulisan anu dijieun ku siswa-siswi kelas VIII SMPN 1 Lembang.

Bisa dicindekkeun maksud tina judul “Campur Kode dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMPN 1 Lembang” téh nya éta ngadéskripsikeun campur kode anu aya dina téks surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang ditilik tina wanda jeung wujud kecapna.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha instrumén, nya éta instrumén tés, kartu data, jeung angkét.

- 1) Instrumén tés, mangrupa lembaran tés anu eusina paréntah ka siswa pikeun nyieun hiji conto surat pribadi.
- 2) Kartu data, digunakeun pikeun kalancaran klasifikasi jeung déskripsi data. Dina kartu data aya nomer data, paragraf, prosés campur kode, jeung conto kalimahna.

Nomer/kode data	: .....
Paragraf ka	: .....
Prosés campur kode	: .....
Wangun kalimah	: .....

Tabél 3.1 Conto Kartu Data

- 3) Angkét, digunakeun pikeun mikanyaho faktor anu mangaruhan kana lumangsungna prosés campur kode anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang.

Conto kisi-kisi angkét:

No.	Aspék anu ditalungtik
1	Suku bangsa/alamat asal
2	Basa anu dikawasa
3	Suku bangsa/asal indung/bapa
4	Basa anu digunakeun sapopoé jeung kulawarga
5	Basa anu digunakeun sapopoé di sakola
6	Basa anu digunakeun sapopoé di masarakat
7	Bahan bacaan di imah
8	Acara Radio/TV anu sok diregepkeun/ditongton
9	Aya rasa gengsi atawa henteu maké basa Sunda

Tabél 3.2 Conto Kisi-Kisi Angkét

Conto angkét

**ANGKET CAMPUR KODE**

Wasta : .....

Alamat Asal : .....

Alamat Ayeuna : .....

Kelas : .....

Basa anu Dikawasa : .....

Asal Bapa : .....

Asal Indung : .....

1. Basa anu Digunakeun

A. Di Imah (Anggota Kulawarga) : a. BS b. BI c. BDS d. BC

Alesan : .....

B. Di Sakola (Waktu Istirahat) : a. BS b. BI c. BDS d. BC

Alesan : .....

C. Di Masarakat (Babaturan/Tatangga) : a. BS b. BI c. BDS d. BC

Alesan : .....

2. Bacaan di Imah : a. Majalah : .....

b. Koran : .....

c. Nu Séjénna : .....

3. Acara Radio/TV : a. Warta : .....

b. Seni Sunda : .....

c. Acara Séjénna : .....

4. Géngsi atawa Henteu Maké Basa Sunda : .....

Alesan : .....

Keterangan

a. BS : Basa Sunda

- b. BI : Basa Indonesia
- c. BDS : Basa Daerah Séjén
- d. BC : Basa Campuran

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés, angkét, jeung studi dokuméntasi.

- 1) Téhnik tés tinulis, digunakeun pikeun meunangkeun data surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang.
- 2) Téhnik angkét, digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan faktor anu ngabalukarkeun lumangsungna campur kode dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang.
- 3) Ulikan dokuméntasi, digunakeun pikeun nganalisis wanda campur kode jeung wujud campur kode anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang.

Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun datana saperti ieu di handap.

- 1) Malikan deui matéri anu geus ditepikeun ku guru ngeunaan surat pribadi;
- 2) Ngabagikeun lembar tés ka siswa pikeun nulis surat pribadi; jeung
- 3) Ngumpulkeun surat pribadi hasil tulisan siswa.

#### 3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun didéskripsikeun sangkan bisa ngahasilkeun kacindekan. Éta data diolah ngaliwatan sababaraha léngkah ieu di handap.

- 1) Data wanda jeung wujud campur kode

Pikeun ngolah ieu data, panalungtik ngalakukeun sababaraha léngkah ieu di handap.

- 1) Hasil surat pribadi siswa dibaca jeung dibéré tanda kecap-kecap anu ngalaman campur kode ditilik tina wanda jeung wangun kecap;
- 2) Hasil maca dianalisis tur diklasifikasikeun dumasar kana wanda jeung wangun kecap;
- 3) Hasil analisis ditulis dina kartu data, unggal campur kode dibéré tanda nu tangtu;
- 4) Kartu data disusun dina tabél; jeung
- 5) Nyieun kacindekan tina data anu geus diolah dina wangun perséntaseu, kalayan rumus:

$$\text{Frekuensi campur kode} = \frac{n \text{ ECK}}{n \text{ CK}} \times 100\%$$

Katerangan:

$n \text{ ECK}$  = jumlah CK dina surat pribadi

$n \text{ CK}$  = jumlah total CK dina sakabéh surat pribadi

## 2) Data angkét

Data angkét digunakeun pikeun mikanyaho faktor naon waé anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode. Data angkét diolah ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- 1) siswa dibagi angkét campur kode;
- 2) angkét dianalisis dumasar kana aspék jeung kategorina;
- 3) hasil analisis diitung frékuénsina dumasar kana aspék anu ditalungtik; jeung
- 4) nyieun kacindekan dina wangun perséntaseu.

Rumus anu digunakeunna nya éta:

$$\frac{f}{n} \times 100\%$$

Katerangan:

$f$  = frékuénsi aspék nu ditalungtik

$n$  = jumlah siswa